



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS AK OTORITE PÒTYÈ A ANONSE AKÒ
POU SIPÒTE RANPLASMAN TÈMINAL OTOBIS MIDTOWN LAN**

Vil la dakò pou l kontribiye revni taks alavni ki soti nan twa nouvo devlopman komèsyal yo nan direksyon pwojè ranplasman ak ekspansyon Tèminal Otobis Midtown ki koute 10 milya dola

Otorite Pòtyè a fèk pibliye plan pou ranplase bilding ki egziste deja ki gen 73 zan Avèk etablisman modèn, l ap reye 6,000 djòb sendika nan domèn konstriksyon

Transfòmasyon Tèminal Otobis ki pi gwo epi ki pi frekante nan peyi a pral gen ladan Nouvo

Espas Piblik lib, diminisyon anbouteyaj, amelyorason eksperyans vwayajè ak kominote a

Yon Repezantasyon Tèminal la disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Vil New York la, Eric Adams ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey) te anonse jodi a yon nouvo akò pou sipòte ranplasman ak ekspansyon Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a ki gen 73 zan nan Midtown Manhattan ki koute 10 milya dola. Rekonèt enpòtans ak potansyèl katalizè pwojè a, vil la te angaje 40 ane nan revni taks — yo prevwa ede Otorite Pòtyè a ogmante yon estimasyon ki totalize jiska 2 milya dola, 20 pousan nan depans pwojè a — soti nan twa potansyèl nouvo devlopman komèsyal sou twa sit, de ladan yo pral pozisyone anlè nouvo tèminal otobis la ak twazyèm lan pral bati nan yon sit ki tou pre Otorite Pòtyè a ak pwopriyetè prive yo, sou rezèv demann mache a. Akò sa a pote vizyon yon tèminal otobis reyimajine nan yon etap pi pre reyalyte.

"Nenpòt moun k ap antre nan Vil New York ta dwe akeyi pa yon sant vwayaj klas mondyal, epi kounye a nou se yon etap pi pre yon Tèminal Otobis Otorite Pòtyè revitalize," **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap modènize enfrastrikti New York la pou priyorize espas piblik, biznis k ap pwospere, ak sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo. Ranplase ak elaji Tèminal Otobis la pral ankouraje devlopman ekonomik pou plizyè deseni k ap vini epi rekonstwi yon pòtay enpòtan nan Vil New York."

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Pandan plizyè dizèn ane, Nouyòkè yo te konstate Tèminal Otobis Otorite Pòtyè deferyore soti nan etablisman klas mondyal li te ye nan ane 1950 yo rive nan mazi li ye nan Midtown jodi a. Jou pou konstate yo fini, epi jou pou aji a la. Envestisman nou an nan ane k ap vini yo, ak patenarya nou ak Otorite Pòtyè a, pral ede devlope yon nouvo jwayo pou Midtown — yon tèminal otobis modèn ki pral ajoute plizyè kawo tè nouvo espas piblik ak vitrin magazen, diminye anbouteyaj nan Hell's Kitchen, epi amelyore eksperyans vwayajè ak kominote a nan ak alantou tèminal la pou alafwa Nouyòkè yo ak vizitè yo nan pi gwo vil nan mond lan."

Prezidan Otorite Pòtyè a, Kevin O'Toole, te deklare, "Akò nou ak vil la pou bay yon pòsyon nan finansman pou yon nouvo Tèminal Otobis Midtown pral pèmèt Otorite Pòtyè a avanse pou pi devan ak yon pwojè ki pral jenere benefis ekonomik pou tout rejyon nou an pandan y ap amelyore kalite lavi nan kominote a kote tèminal la sitiye. Nou pral ranplase mazi ki aje sa ak yon pòtay klas mondyal ke rejyon nou an merite."

Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè a, Rick Cotton, te deklare, "Anons jodi a sou yon akò ant vil la ak Otorite Pòtyè a pou finansman yon nouvo Tèminal Otobis Midtown pèmèt nou kreye yon pòtay klas mondyal ki pral amelyore anpil vwayaj pou ale ak soti nan vil la pandan y ap amelyore kalite lavi pou kominote ki ozalantou yo. Nou apresye travay di ak sipò Majistra Eric Adams ak manm administrasyon li a ki te travay avèk nou sou akò sa a. Ak vil la angaje revni pou finance jiska 20 pousan nan pwojè a, nou pral kapab avanse plan revize nou an ki pi koute men k ap ajoute benefis kominote enpòtan nan pwojè a. Mwen remèsye tou Gouvènè Hochul, ofisyèl eli yo, konsèy kominotè, ak anpil moun ki gen enterè yo pou sipò yo nan ede nou jwenn akò sa a."

Nouvo Tèminal Otobis Midtown la pral ranplase tèminal Otobis ki egziste deja ki gen 73 zan, ki demode fonksyonèlman epi ki delabre ak yon etablisman klas mondyal ke yo t ap tann depi lontan. Nouvo tèminal la fèt pou satisfè kwasans vwayajè yo prevwa pou 2040-2050, bay yon pi bon eksperyans kliyantèl ki sèvi bezwen transpò piblik rejyon an nan 21èm syèk la, epi amelyore kominote ki ozalantou a. Yon reprezantasyon grafik Tèminal Otobis Midtown la disponib [isit la](#).

Enstalasyon 10 milya dola klas mondyal la pral gen ladan yon nouvo tèminal prensipal ki mezire 2.1 milyon pye kare, yon bilding sokaj ak dispatchin separe, ak nouvo ranp ki mennen dirèkteman nan antre ak sòti tinèl Lincoln la. Plan pwojè revize a — ki gen ladan yon pwopozisyon pou fèmten pèmanan yon pòsyon nan 41st Street ant Eighth Avenue ak Ninth Avenue, yon antre prensipal santral, plis biznis an detay nan nivo lari a, ak yon atriòm enteryè ki gen plizyè etaj ak nouvo espas piblik lib — pral amelyore alafwa eksperyans vwayajè yo ak kominote a nan tèminal otobis ki pi okipe nan mond lan. Pwojè a prevwa kreye apeprè 6,000 djòb konstriksyon sendika ki byen peye, epi yo prevwa pou l konstwi an plizyè faz, avèk yon tèminal tanporè ak nouvo ranp k ap fini an 2028 epi nouvo tèminal prensipal la k ap fini an 2032.

Plan Otorite Pòtyè a pou pwojè ranplasman Tèminal Otobis Midtown lan reflète opinyon piblik ki soti nan vas sansibilizasyon kominotè, ki gen ladan opinyon Vil New York,

vwayajè yo, konsèy kominotè lokal yo, koalisyon katye yo, ak ofisyèl eli yo. Pwojè a pral pote yon pakèt avantaj kominotè, tankou:

- Li te ogmante kapasite pou pèmèt otobis entè-vil sou twotwa ki kounye a pran epi depoze nan lari vil ki antoure tèminal otobis la pou yo deplase operasyon yo andedan tèminal otobis la ak deyò lari yo.
- Kreyasyon prèske 1.4 kawo tè espas lib aksesib pou piblik la sou pwopriyete Otorite Pòtyè a nan Dyer Avenue, sa k ap restore ak amelyore koneksyon pou pyeton yo ak kominote a.
- Nouvo konsesyon ki bay fas sou lari ak enstalasyon pou biznis an detay pou kominote a, ansanm ak konsesyon ak biznis an detay anndan tèminal otobis la.
- Konstriksyon fasad ki amelyore anpil epi ki atiran, amelyore kalite vizyèl nouvo tèminal otobis la pou vin tounen yon avantaj olye pou yo vin tounen yon mazi pou katye ki ozalantou yo. Konsepsyon sa a gen ladan yon antre atriòm anblematik sou Lwès 41st Street ak Eighth Avenue.

Reprezantan Jerrold Nadler te deklare, "Mwen kontan dèske Otorite Pòtyè ak Vil la te jwenn yon akò sou PILOT la pou reyabilitasyon PABT yo. Sa a se yon bon nouvèl pou devlopman ekonomik vil la ak elektè Hell's Kitchen mwen yo. Nouvo tèminal otobis la pral amelyore kalite lè a epi rann lari nou yo vin pi an sekirite pou pyeton yo lè yo retire tout otobis pou vwayajè ak otobis entè-vil yo nan lari nou yo. Epi finalman, li pral ranplase mazi nan yon èminal otobis demode ak deteryore ak yon sant transpò modèn ki efikas ki satisfè bezwen vwayajè yo ak rezidan yo pandan y ap kontribiyè nan kwasans ak siksè kontinyèl Vil New York."

Senatè Eta New York la, Brad Hoylman-Sigal, te deklare, "Mwen kontan dèske Otorite Pòtyè a ak administrasyon vil la te rive jwenn yon akò sou peman PILOT la pou Pwojè Ranplasman Tèminal Otobis Midtown la pou ede finansè pwojè 10 milya dola sa a. Jodi a reprezante yon gwo etap nan direksyon pou ranplase bilding aktyèl ki delambre a ki gen 73 zan, ki se tèminal otobis ki pi okipe nan lemond antye. Mwen pa ka tann jou tèminal otobis Otorite Pòtyè a pral soti nan 'pi move' pou pase nan 'premye' nan je plizyè milyon Nouyòkè ki itilize oswa k ap viv toupre tèminal la, ki gen ladan elektè m yo nan West Side Manhattan."

Manm Asanble Eta New York la, Tony Simone, te deklare, "Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a se youn nan sant transpò santral vil nou an. Plan pou konstwi yon nouvo estasyon se yon investisman masiv pa Otorite Pòtyè a pou amelyore machandiz piblik nan Manhattan, soti nan disponiblite transpò piblik rive nan amelyorasyon sikilasyon. Non sèlman nouvo estasyon an pral retire otobis yo nan lari a, li pral kreye tou nouvo espas vèt pou bò lwès la. Otorite Pòtyè a te travay kole ak Konsèy Kominotè lokal la pou etabli yon plan ki travay pou rezidan yo nan katye a ansanm ak plizyè dizèn milye pasaje ki antre ak soti nan tèminal otobis la chak jou. Akò PILOT sa a se yon etap enpòtan pou fè vizyon nouvo estasyon an vin yon reyalyte, epi mwen kontan wè tout moun ki gen enterè yo k ap travay sere ansanm pou amelyore avni enfrastruktir transpò piblik pou tout Nouyòkè yo."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Anons jodi a yon akò PILOT pou pwojè ranplasman Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a make yon etap enpòtan nan redevlopman Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a. Mwen remèsye vil la ak Otorite Pòtyè a paske yo travay pou rive nan akò sa a ki pral fè pwojè monimantal sa a vin yon reyalyte. Mwen pa ka tann pou finalman gen yon nouvo tèminal otobis nan Manhattan ki pral amelyore eksperyans vwayajè yo ak rezidan lokal yo, pote nouvo opòtinite pou biznis an detay nan zòn nan, epi soulaje anbouteyaj otobis nan lari yo."

Manm Konsèy Vil New York Erik Bottcher, te deklare, "Akò enpòtan sa a make yon moman esansyèl pou vil nou an ak Otorite Pòtyè a. Angajman pou ranplase tèminal otobis ki aje a se non sèlman yon investisman nan enfrastrikti, men se yon afimasyon devouman nou pou amelyore vwayaj chak jou pou plizyè milye Nouyòkè. Reyalizasyon jodi a se yon temwayaj sou sa nou ka akonpli lè nou priyore bezwen kominote nou an epi travay an kolaborasyon pou konstwi yon vil ki pi konekte ak aksesib. Mwen vle remèsye administrasyon Adams lan pou angajman yo pran nan pwojè enpòtan sa a ansanm ak patenarya kòlèg eli mwen yo, Otorite Pòtyè a, ak Community Board 4 sou investisman enpòtan sa a pou avni Vil New York la."

Building and Construction Trades Council of Greater New York President Gary LaBarbera said, "Ranplasman ak agrandisman Tèminal Otobis Midtown Vil New York la se yon pwojè a gwo echèl ki nesèsè ki pral amelyore gwo enfrastrikti nou an epi ki pral ranfòse ekonomi nou an, pandan y ap kreye plizyè milye karyè sendika ki soutni fanmi. Nou bat bravo pou Majistra Adams ak Otorite Pòtyè nan New York ak New Jersey paske yo kolabore pou finanse devlopman enpòtan sa a ki pral bay Nouyòkè yo ak vizitè nou yo yon sant transpò ki konplètman modènize ak klas mondyal nan kè Midtown. Komèsan ak komèsant nou yo pa ka tann pou rasyonalize pwojè sa a epi pouswiv chemen klas mwayèn li kreye pou yo ak kominote pa yo."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418